Paran ak Moun k ap Bay Swen,

Nou kontan pou nou fè w konnen dènye inite Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl nou an (*SEL*) ap "Sipòte Byennèt Lekòl ak Kominote nou an". Nan inite sa a, pitit ou a pral eksplore diferan sijè *SEL* ak abilte ki genyen rapò ak priz Desizyon ki Responsab Anba la a genyen yon tablo ki genyen diferan tèm *SEL* nou pral diskite yo ak kèk fason posib ki kapab ranfòse tèm *SEL* sa yo lakay ou si ou vle.

Dat	Tèm *SEL* & Konpetans	Kesyon Posib pou Diskisyon	Aktivite Posib pou Fanmi
11 - 14 Avril	Demontre Espri Sivik (Pran Desizyon Responsab)	Kisa yon bon sitwayen vle di pou ou? Ki fason ou kapab montre bon kalite espri sivik? Kisa w panse ki ta kapab pase si pa t gen okenn règ oswa lwa lakay, nan lekòl?	**Bay Pitit ou Plis Responsablite:** Travay sou pwojè kòm fanmi epi bay pitit ou ti travay pou yo fè. Kenbe travay yo konsistan daprè kapasite yo pou yo kapab aprann konnen jwa ki genyen nan ede, olye pou yo ta vin fristre. Fè sèten ou ede pitit ou aprann travay la - petèt, dabò, fè li ansanm ak yo - jiskaske yo vin genyen konfyans. **Li liv sou espri sivik :** Menm jan ak anpil sijè, liv se yon pi bon mwayen pou ankouraje diskisyon ak aprantisaj. Chèche tèks ki ankouraje konvèsasyon sou onètete, fè chanjman, oswa bati. Diskite sou kijan diferan karaktè nan liv yo montre bon kalite espri sivik. **Konekte ak Kominote w:** Vizite chòp lokal, mache agrikòl, mache ligim, bibliyotèk, estasyon ponpye, ak lòt kote k ap ede pitit ou konprann kòman yon kominote konstui ak ki fason li fonksyone. Lè ou vizite plas sa yo, pale ak moun k ap travay la pou w kapab aprann plis sou wòl yo jwe nan kominote a. Chèche opòtinite ki genyen nan kominote w la. Mezon retrèt yo, sant sekou animal yo, oswa kanpay pou pwòpte espas piblik yo, tout se opsyon.
18 - 22 Avril	Travay Ansanm pou Kreye Chanjman (Pran Desizyon Responsab)	Èske w panse ou gen pouvwa pou w fè yon chanjman pozitif nan kominote w la? Kòman ou fè sa? Ki ti etap ou kapab fè jodi a pou w kapab fè pigwo etap pou chanjman demen?	**Pale sou sa:** Pale ak pitit ou a sou yon pwojè oswa aktivite li kapab vle angaje pou kreye chanjman, kit se lakay li, lekòl oswa nan kominote a. **Jounen Netwajaj Nasyonal**: Pwochèn fwa ou sou yon teren kote moun jwe oswa sou yon plaj, ankouraje pitit ou pou li ramase 5 moso fatra avan ak aprè li fin jwe. Sa se yon leson senp men ki genyen fòs pou atire

			timoun tout laj. Fè sèten ou mete gan epi dezenfekte/lave men ou aprè.
25 - 29 Avril	Aplike Teknik Espri Kritik pou Rezoud Pwoblèm Sosyal (Pran Desizyon Responsab)	Poukisa li enpòtan pou panse yon fason kritik pou rezoud yon pwoblèm sosyal?	**Sware Jwèt Anfanmi:** Rale jwèt prefere ak devinèt ou yo pou w jwe ak fanmi ou. Selon jan li apwopriye, pratike aplikasyon abilte panse kritik sa yo ansanm pou rezoud pwoblèm.
2 - 13 Me	Semèn Revizyon	Ki kalite moun ou te ye jodi a? Kisa ki te fè ou reyèlman fyè jodi a? Ki eksperyans emosyonèl ou te fè jodi a? Ki meyè bagay ki te pase ou jodi a? Kisa ou pral fè demen ou pa t fè jodi a? Di m yon bagay nouvo ou te aprann jodi a?. Kisa ki te fè w ri jodi a?	**Gwo mesaj chak semèn:** Entwodui yon mesaj chak semèn oswa sitasyon ki gen rapò ak yon eksperyans, oswa yon opòtinite k ap vini nan lavi pitit ou. Paegzanp, si pitit ou gen yon evènman k ap vini, ou kapab ankouraje li pandan ou repete, "Ou kapab fè nenpòt bagay ou panse". Nan semèn nan, kreye opòtinite pou pitit ou jwenn nan sitasyon an atravè konvèsasyon yo, desen oswa redaksyon. Sa se yon bon fason pou pitit ou a devlope pwòp reyaksyon li epi pataje li avèk ou. Si sa fèt regilyèman, pitit ou a kapab kòmanse idantifye yon mesaj li kapab bezwen endividyèlman. Bayo ajans pou idantifye lirik chan, sitasyon, oswa ide endividyèl yo santi ki gen rapò ak vi kotidyèn yo. **Kòmanse yon Klib Liv Fanmi:** Chak moun, youn apre lòt, chwazi liv prefere li pou li li ansanm ak fanmi an.
16- 20 Me	Selebrasyon ak Refleksyon	Kisa ou pi fyè ou akonpli nan ane akademik sa a? Chwazi twa mo pou dekri ane akademik ki pase a. Kisa ki fè w chwazi twa mo sa yo?	**Selebrasyon Dine** Selebre fen ane lekòl la pandan w ap òganize dine oswa desè prefere w ak pitit ou pou rekonèt tout reyalizasyon li (piti ak gwo) nan ane lekòl sa a. **Afich Selebrasyon:** Kreye avèk pitit ou yon afich ki make "*I am Proud of You*" (mwen fyè de ou) oswa ki di *"I am proud of..."* **Selebrasyon Chanson:** Kreye avèk pitit ou yon lis chante pou nou fè jwe nan fèt la, ki genyen chanson prefere nou pou ane akademik la. (Bay sa enpòtans epi òganize yon fèt dansant!)
23 - 26 Me	Fè Plan Ete yo pou Byennèt nou	Kòman ou kapab ale deyòplis nan ete sa a? Kisa w ap atann plis nan ete sa a? Kisa ki pati prefere ou konsènan ete sa a? Kisa ki se yon bagay ou vle aprann nan vakans ete sa a?	**Tablo vizyon pou Ete a:** Kreye yon tablo vizyon sou fason pou w rete an sante epi aktif pandan ete sa a. (Ou kapab fè pitit ou ekri, desine, oswa enprime foto pou kreye tablo sa a.) **Pwomnad Fanmi** Planifye pwomnad an fanmi nan yon kote tankou bibliyotèk, plaj, pak, oswa menm yon piknik nan pak.

The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –Mars 2022 – SY221070